

Aprann Konn Dwa Ou **Kisa pou fè si imigrasyon kanpe w**

Tout imigran gen dwa legal, menm si yo pa gen estati imigrasyon ki legal. Aprann kijan pou pwoteje dwa w yo ak pou prepare w lè w ankontak ak imigrasyon.

Men ki dokiman ou dwe kenbe sou ou si lapolis oswa imigrasyon kanpe w

Pou w pwoteje dwa w yo, ou dwe konnen:

- ▶ **ki dokiman** ou dwe *toujou* gen sou ou, ak
- ▶ **kilè pou montre** imigrasyon oswa lapolis yo.

Swiv etap sa yo:


1. Fè **kopi** dokiman ki dekri anba yo.
2. Kenbe *orijinal* yo yon kote ki sekirize si w pa mache avèk yo. Di yon fanmi w oswa yon zanmi w ki kote y ap jwenn yo, si sa nesèsè.
3. **PIGA** w mache avèk ni montre otorite lalwa yo *okenn* dokiman ki montre ke ou fèt andeyò Etazini, tankou paspò lòt peyi. Yo ka itilize sa pou eseye depòte w.
4. **Prepare w.** Chwazi sityasyon ki aplike pou ou anba a, pratike epi prepare w.


Kisa pou Fè

Sa depann de estati imigrasyon w. Dekouvri estati w anba a. Li eksplike kisa pou fè.

Si ou gen estati imigrasyon ki valid, tankou:

- ▶ yon kat rezidans (grinkat),
- ▶ azil oswa estati refijye,
- ▶ yon viza etidyan ki valid oswa lòt visa, oswa
- ▶ Estati Tanporè Pwoteje (Temporary Protected Status, TPS) ki pa ekspire

 **Mache ak:** Lalwa di ou **dwe** mache ak kat rezidans pèmanan legal ou oswa papye imigrasyon w yo ki montre estati w.

 **Montre:** Si otorite lalwa mande w pou li wè papye w, montre yo kopi ou genyen an.

Sa a se *enfòmasyon* legal, li **pa konsèy** jiridik. Pale ak yon avoka imigrasyon konsènan sityasyon w lan.



Si ou PA gen estati imigrasyon ki valid, men ou *aplike* pou yon estati oswa ou gen yon dosye ankou, tankou:

- ▶ Yon aplikasyon pou azil ki annatant
- ▶ Yon dosye nan tribinal imigrasyon ki ankou
- ▶ Yon pwosedi apèl nan tribinal imigrasyon



Mache ak: Ou dwe gen yon kopi papye imigrasyon w yo ki montre ou aplike pou yon estati oswa ki di ou prale annapèl kont yon desizyon imigrasyon.



Montre: Si yo arete w, montre ajan imigrasyon an papye w.

Enpòtan! Si se pa arete y ap arete w, rete an silans.

Si w san papye oswa estati imigrasyon w ekspire...



Mache ak: Si ou PA gen dokiman imigrasyon ki ajou, men ou Ozetazini pandan omwen **2 zan**, mache ak prèw ki montre w ap viv isit la, tankou:

- ▶ Kontra lwaye w,
- ▶ Dosye legliz oswa lekòl ki gen adrès ou sou li,
- ▶ Kourye yo voye ba ou nan adrès lakay ou, ki gen tenb lapòs la sou li ki montre kilè yo te voye l pa lapòs la
- ▶ Lòt dokiman ki montre non ou, yon adrès Ozetazini ak dat.



Montre: Montre prèw ki di w ap viv la a pandan omwen 2 zan si yo arete w. Sa ka pwoteje w kont depòtasyon rapid san ou pa pase devan yon jij. Si ou pa ka pwouve ke w ap viv Ozetazini depi plis pase 2 zan, yo ka depòte w san yo pa ba ou chans pou pase devan yon jij.

Enpòtan! Si se pa arete y ap arete w, **rete an silans.**



Kisa pou fè si yo kanpe w nan lari, toupres lakay ou, nan travay ou oswa nan lòt espas piblik

Aprann Konn Dwa W

- ▶ Ou pa oblije pale avèk yo ni reponn *okenn* kesyon. Ou ka “rete an silans.”
- ▶ Si ou pa gen yon estati, **piga** w pale epi **piga** w reponn *okenn* kesyon.
 - **Ou ka di**, “I am using my right to remain silent” (M ap egzèse dwa m pou m rete an silans) oswa
 - **Ba yo** kat *Know Your Rights (Aprann Konn Dwa W)* ou a, si ou gen youn.

Ou ta dwe:

- ▶ **Rete kalm.** Piga w kouri oswa eseye kanpe ajan yo.
- ▶ **Anrejistre sa k ap fèt la** sou telefòn ou oswa mande yon lòt moun pou li fè sa.
- ▶ **Mande yo** nan ki ajans gouvènman yo soti pandan w ap anrejistre a.
- ▶ **Si yo poze w kesyon, di** “I’m using my right to remain silent” (M ap egzèse dwa m pou m rete an silans).
- ▶ **Mande:** “Am I free to leave?” (Èske mwen lib pou mwen ale?) Si yo di wi, ale tou dousman.

Prepare w!

- ▶ **Antrene w.** Li difisil pou w defann dwa w. Repete fraz sa yo awot vwa pou w antrene w. Sa ap fè li pi fasil pou w di yo sa si yo kanpe w.
- ▶ **Memorize** nimewo telefòn ou ta ka bezwen rele si w gen yon ijans.
- ▶ **Mache ak yon kat *Know Your Rights (Aprann Konn Dwa W)*** nan bous ou. Ou ka enprime youn [la a](#).
- ▶ Li sou debakman ajan imigrasyon nan espas travay yo nan [Gid pou Patwon Travay](#) nou an.

Si imigrasyon frape pòt lakay ou

Aprann Konn Dwa W

- ▶ Ou *pa* oblije kite yo antre lakay ou sof si yo montre w yon [manda lajistis](#) anvan.
- ▶ Si ou kite yo antre lakay ou, ou toujou gen dwa pou rete an silans.

Ou ta dwe:

- ▶ **Rete kalm.** Piga w louvri pòt la ni pigaw soti kanpe deyò. Ou ka pale avèk yo pandan w dèyè pòt la.
- ▶ **Mande si se imigrasyon ki voye yo epoukisa yo la a.** Mande yo pou yo montre w yon badj oswa yon pyès idantite. Yo ka kenbe l devan twou pòt la oswa devan yon fenèt. Plizyè diferan ajans ki responsab aplikasyon lalwa (tankou lapolis, ak ajans federal ki soti nan Administrasyon pou Lit kont Dwòg (Drug Enforcement Administration, DEA)) yo ap fè aplike lwa imigrasyon yo aktyèlman.
- ▶ Ajan imigrasyon yo ka ba w manti pou yo antre lakay ou. Yo gendwa di ke se yon ankèt y ap mennen sou yon krim oswa yo bezwen “pale avè w oswa fè yon koutje byen rapid.”
 - **PIGA** w kite yo antre. Di, “*You cannot come into my home without a judicial warrant*” (Ou pa ka antre lakay mwen san ou pa gen yon manda lajistis).
- ▶ **Si yo di ke yo gen yon manda lajistis,** di yo pou yo glise l anba pòt la pou w ka li l. *Sonje:* PIGA w louvri pòt ou ba yo.
- ▶ **Verifye si manda a valid.** Imigrasyon ka montre w yon “manda administratif” (Administrative Warrant), ki **PA** ba yo dwa pou yo antre lakay ou. Gade seksyon anba a ki rele *Aprann kijan pou verifye si yon manda valid* la.
- ▶ **Si manda a pa valid, di yo pou yo soti kite lakay ou.** *Sonje:* Kite pòt la fèmen epi take l.



- ▶ Si ajan yo fòse antre lakay ou, pa fè rezistans ni pa kouri. Sa ka lakoz ou gen plis pwoblèm pi devan.
Ou ka di, “I do not agree to your coming into or searching my home” (Mwen pa dakò pou nou antre lakay mwen oswa pou n ap fouye lakay mwen). “I am using my right to remain silent” (M ap egzèse dwa m pou m rete an silans). “I want to speak with a lawyer right away” (Mwen vle pale avèk avoka m touswit).

Prepare w!

- ▶ **Antrene w.** Li difisil pou w defann dwa w. Repete fraz sa yo awot vwa pou w antrene w. Sa ap fè li pi fasil pou w di yo sa si yo kanpe w.

Aprann kijan pou verifye si yon manda valid.

Si yo di yo gen yon *manda lajistis ki valid*, verifye l anvan. Yon manda lajistis ki valid ap:

- ▶ Gen mo “*U.S. District Court (Tribinal Distri Etazini)*” oswa non yon *tribinal eta* nan pati anlè a
- ▶ Gen non w, non yon moun k ap viv lakay ou, oswa adrès lakay ou
- ▶ Gen **siyati** yon jij tribinal eta a, yon jij federal oswa yon jij majistra. Verifye si li gen yon siyati. Verifye tou si mo “Judge” (Jij) la nan tit moun ki siyen l lan. Se sèlman yon *jij* — e se PA yon “Jij Imigrasyon” — ki ka siyen tip manda sa a. Gade plis enfòmasyon anba a.

Manda a **PA** valid si:

- ▶ Li make Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) nan pati anlè a oswa si li gen yon so oswa yon tanpon ki ekri “DHS.”
- ▶ Li gen nimewo DHS Form I-200 oswa DHS Form I-205 sou li.
- ▶ Si li gen siyati
 - yon ajan imigrasyon oswa
 - yon jij
- ▶ Si manda yo montre w la gen **NENPÒT** nan bagay sa yo, li **PA** yon manda lajistis ki valid.

- ▶ **Ou ka di**, “This is **NOT** a valid warrant. (Manda sa a **PA** valid). You do not have my permission to enter.” (Mwen pa ba ou pèmisyon pou w antre).

Si imigrasyon arete w oswa kenbe w nan detansyon

Aprann Konn Dwa W yo, sa ki vle di dwa pou w:

- ▶ rete an silans
- ▶ rele yon avoka
- ▶ resevwa vizit yon avoka, konsila w ak fanmi w si yo kenbe w nan detansyon. (Tout sant detansyon gen lis nimewo telefòn konsila. Mande pou yo ba w wè lis la).

Pale ak yon Avoka

- ▶ Si yo di w oswa yo di yon fanmi w ou pa ka pale ak yon avoka, rele Asosyasyon Bawo Ameriken an (American Bar Association) pandan w nan sant detansyon an. Konpoze kòd sa a: **2150#**
- ▶ Si ou panse ou nan yon etablisman militè pou rezon imigrasyon, rele liy asistans Asosyasyon Bawo Ameriken an: **(855) 641-6081**

Ou Dwe Chèche Pwòp Avoka Pa W

Gouvènman an pa *ba ou yon avoka*. Si ou pa gen yon avoka, chèche youn. Mande ofisye a pou li ba ou yon lis ki gen avoka ak sèvis konsèy jiridik ki gratis oswa ki pa chè. Gen kèk sant detansyon k ap kite w enskri gratis nan yon sesyon “Know Your Rights” ke òganizasyon ekstèn òganize. Epitou, ou ka mande pou vizite bibliyotèk jiridik la pou w li gid oto-asistans yo si ou pa ka jwenn yon avoka.

Chèche konnen si ou gen dwa pou yo libere w “on recognizance” (sou pawòl ou oswa pwòp volonte w), “on bond” (si ou peye yon kosyon) oswa “on parole” (sou libète kondisyonèl). Imigrasyon kenbe kèk moun nan detansyon san yo pa gen okenn posiblite pou yo libere sou kosyon, anjeneral paske yo te arete yo oswa kondane yo pou rezon kriminel oparavan. Li ka konplike anpil lè w ap chèche konnen si ou ka mande pou yo libere w sou kosyon. Mande yon avoka pou li ede w nan ka sa.

Ou ta dwe:

- ▶ **Rete kalm.** Piga w kouri oswa eseye kanpe ajan yo.
- ▶ **Si yo poze w kesyon, di** “I am using my right to remain silent” (M ap egzèse dwa m pou m rete an silans).
- ▶ **Piga** w bay manti ni fo enfòmasyon. Sa ka mete w nan pwoblèm.
- ▶ **Si ou pè retounen nan peyi w, chak ajan ou wè di yo sa *byen fò e byen klè*.** Si ou pa di ke ou pè, yo ka depòte w san yo pa ba ou chans pou pase devan yon jij oswa pou mande azil.
- ▶ Si ou te viv Ozetazini pandan omwen 2 zan, di yon ajan sa epi montre l prèw ke w ap viv la. Sa ka pwoteje w kont depòtasyon rapid.
- ▶ Si ou aplike pou yon estati oswa w ap ale annapèl kont yon desizyon imigrasyon, di yon ofisyè sa epi montre l prèw aplikasyon w lan oswa prèw ke w prale annapèl la.

PIGA w siyen okenn dokiman san w pa pale ak yon avoka anvan ni san w pa mande pou yo li l ba ou nan pwòp lang ou, sitou nenpòt dokiman ki make:

- ▶ Waiver (Renonsyasyon)
- ▶ Stipulated Removal Order (Lòd Ekspilasyon sou Dekrè), oswa
- ▶ Voluntary Departure Agreement (Akò Ekspilasyon Volontè)

Si ou siyen papye sa yo, sa ka rive ou renonse ak dwa w pou pale ak yon avoka oswa yon jij, ak kapasite w pou retounen Ozetazini oswa pou aplike pou yon estati.

Men bagay pou di Ajan Imigrasyon an

- ▶ Si w se **paran oswa moun prensipal k ap okipe** yon timoun (oswa yon adilt ki gen andikap) ki se yon sitwayen Ameriken oswa ki gen yon grinkat, di ajan an sa.
- ▶ Si w ansent, di yo sa.
- ▶ Si ou gen yon andikap, yon maladi oswa yon pwoblèm sante, di yo sa.

- ▶ Si ou te gen timoun avè w lè yo te kenbe w nan detansyon an, oswa si ou vle rele nan travay ou, mande ajan yo si ou ka rele yon fanmi oswa yon zanmi.
- ▶ **Mande** ajan k ap depòte w la non l, nimewo telefòn li ak nimewo idantifikasyon etranje (A-Number) w la.

Mande si yo ka kite w ale sou libète kondisyonèl (parole) oswa sou kosyon (on bond)

Di ajan an ki kote w ap rete si yo kite w ale. Si yo refize, mande yon odyans pou kosyon (bond hearing) ak yon jij imigrasyon. Si ou gen yon odyans pou kosyon, montre jij la prèw lyen ou genyen ak kominote w la, tankou

- ▶ travay, lekòl, ak dosye benevola, ak
- ▶ lèt sipò fanmi w ak manm kominote a ekri sou bon repitasyon w genyen.

Prepare w: Ou Ka Bezwen yon Avoka

Chèche jwenn opsyon ou genyen pou kounyea, tankou konsèy jiridik gratis oswa ki pa chè. Li pi fasil pou jwenn yon avoka *anvan* yo arete w. Asire w ou bay fanmi w enfòmasyon kontak avoka a sizoka yo kenbe w nan detansyon.

Ou ka itilize lyen sa yo pou jwenn yon avoka imigrasyon:

- ▶ W ap jwenn anyè sou entènèt Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon (American Immigration Lawyers Association) an ki gen lis avoka prive yo la a: ailalawyer.com/
- ▶ Asosyasyon Bawo Ameriken an gen yon lis gwoup avoka ki nan tout peyi a. Ou ka chèche nan chak gwoup eta pou jwenn avoka ki jere dosye imigrasyon: https://www.americanbar.org/groups/legal_services/flh-home/flh-bar-directories-and-lawyer-finders/
- ▶ Lis avoka gratis e ki pa chè ki nan Rezo Defansè Imigrasyon (Immigration Advocates Network) an ak anyè Pro Bono Net la: immi.org/en/Info/FindLegalHelp.



Kreye yon plan sekirite kounyea!

- ▶ **Memorize nimewo telefòn** moun ou ka bezwen rele si yo arete w, tankou yon fanmi, yon zanmi ou fè konfyans oswa yon avoka.
- ▶ **Pale ak yon avoka imigrasyon kounyea.** Mande ki risk ak opsyon ki genyen nan sitiasyon patikilye w la. Mande yo si ou ta ka kalifye pou liberasyon sou kosyon oswa sou pwòp pawòl pa w si yo kenbe w nan detansyon.
- ▶ Si ou se yon **paran oswa yon moun k ap bay swen**, kreye yon **plan b** sou fason pou **pran swen** ak **pwoteje pitit ou** si yo arete w.
- ▶ Kenbe papye enpòtan, tankou sètifika nesans ak papye imigrasyon, yon kote ki sekirize. Di yon fanmi w oswa yon zanmi w ki kote ou mete paye sa yo, pou yo ka jwenn yo si sa nesèsè.
- ▶ Di fanmi w si Imigrasyon (ICE) pran w, pou yo ka itilize lyen sa yo pou yo konnen:
 - **Ki kote** yo mete ou nan detansyon an: locator.ice.gov/odls/#/search
 - Kijan pou yo kontakte biwo ICE ki nan zòn yo a: ice.gov/contact/ero
 - **Estati dosye w devan tribinal imigrasyon** nan liy asistans Biwo Egzekitif pou Egzamen Dosye Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review, EOIR) an: Liy Asistans 24 sou 24/7 jou sou 7: 800-898-7180 (nimewo gratis) Swivi dosye sou Entènèt: acis.eoir.justice.gov/en.

Asire w yon fanmi oswa yon zanmi gen **nimewo idantifikasyon Etranje (A-number)** ou a, si ou gen youn. Yon A-number se yon nimewo ki gen 9 chif ki kòmanse ak yon lèt A epi ki sou majorite papye imigrasyon.

Si ou vle batay kont depòtasyon w lan

Aprann Konn Dwa W

- ▶ Se dwa w pou w pale ak yon **avoka**, men gouvènman an p ap peye youn pou ou. Li pi bon pou w antre ankontak ak yon avoka imigrasyon ANVAN nenpòt bagay rive. (Gade anwo a.)
Sonje: Ou gen pi bon chans pou genyen ka w la si ou gen yon avoka paske lalwa imigrasyon se bagay ki konplike. Avoka w la dwe kenbe sa ou di l yo konfidansyèl (sof si ou ba yo otorizasyon w).
- ▶ Si ou gen **lyen** ak Etazini oswa w ap **andanje** si yo depòte w, ou gendwa ka batay kont depòtasyon an lè ou mande azil, anilasyon depòtasyon oswa lòt tip pwoteksyon ki entèdi depòtasyon.
- ▶ Si yo pa kite w pale ak yon jij imigrasyon, si yo mete w nan yon pwosedi depòtasyon rapid, ke yo rele tou *expedited removal (depòtasyon akselere)*. Ou ta dwe di ajan k ap depòte w la si ou pè retounen nan peyi w epi mande pou wè yon jij imigrasyon.
- ▶ Si ou gentan gen yon lòd depòtasyon final, imigrasyon ka depòte w san ou pa wè yon jij sof si ou mande byen rapid pou yo relouvri ansyen dosye w la nan tribinal imigrasyon an.

Pou li plis sou opsyon ki genyen pou konbat depòtasyon ak fason pou defann tèt ou san yon avoka, klike la a: acaciajustice.org/legal-resources/resources/ ak la a: <https://firrp.org/es/resources/prose/>

Ou ta dwe:

- ▶ **Si ou pè retounen nan peyi w, fè chak ajan ou wè konn sa. Di sa byen fò e byen klè.** Si ou *pa* di sa, yo ka depòte w san yo pa ba ou chans pou wè yon jij oswa pou mande azil oswa lòt estati.
- ▶ Si ou gen yon avoka:
 - **Pataje tout enfòmasyon** ou genyen yo ak avoka imigrasyon w lan. Sa gen ladan:
 - istorik imigrasyon w,
 - *nenpòt* arestasyon oswa kondanasyon kriminel ki nan dosye w,*



- fanmi w, travay ou ak anviwonman sosyal ou,
- sa k ap rive fanmi w Ozetazini si yo depòte w, ak
- sa k ap rive w si yo depòte w pou w retounen nan peyi w.
 - *Pa kache okenn arestasyon oswa krim. Avoka w la bezwen enfòmasyon sa yo pou l konnen kijan pou li pi byen ede w.
- **Jwenn sipò kominote w la.** Fanmi w, zanmi w, ak lòt moun nan kominote w la ka sipòte dosye w la lè:
 - yo ekri lèt sipò
 - yo bay prèv kontribisyon w nan kominote a, oswa
 - yo bay prèv bagay ki ka rive w si yo depòte w pou w tounen nan peyi w.
- ▶ Si ou pa gen yon avoka:
 - **Mande ajan imigrasyon an oswa jij la plis tan** sou dosye w la si ou vle yon avoka men ou poko gen youn.
 - Mande si yo planifye pou yo **depòte w rapid** oswa pou yo voye w nan yon odyans **depòtasyon regilye** ak yon jij imigrasyon.
 - Yo ka depòte w rapid sèlman si ou te Ozetazini pandan *mwens* pase 2 zan. **Enpòtan!** Si ou te viv Ozetazini pandan plis pase 2 zan, di yo sa epi montre yo prèv ou genyen. Di yo ou gen dwa pou wè yon jij imigrasyon.
 - Si ou gen yon lòd depòtasyon *final*, eseye pale ak yon avoka osi vit sa posib. Sèl fason ou ka bloke depòtasyon an se si ou jwenn yon “stay” (pwolongasyon) oswa si yo relouvri dosye w la. Si ou gen yon kontestasyon ki ankou nan Komisyon Apèl pou Zafè Imigrasyon an (Board of Immigration Appeals), sa vle di depòtasyon w lan *pa final* epi ou ta dwe montre ajan k ap depòte w la prèv ke w prale annapèl la touswit.

Krim pa menm bagay ak vyolasyon lwa imigrasyon

Aprann Konn Dwa W

- ▶ Se yon **krim** pou travèse fwontyè a san otorizasyon. Yo ka mete w nan prizon.
- ▶ Otorite yo ka akize w pou krim sa a (ofans kriminèl) anvan yo lanse yon dosye depòtasyon.
- ▶ Gen yon limit 5 an (*statute of limitation*) pou **krim** travèse fwontyè san otorizasyon. Sa vle di yo pa ka akize w si ou te Ozetazini pandan plis pase 5 an.
- ▶ Si yo arete w pou yon *krim*, gouvènman an dwe peye yon avoka pou **ou**. Si dosye kriminèl ou a nan tribinal federal, yo rele avoka w la yon *federal defender* (*defansè federal*).

Ou ta dwe:

- ▶ Si yo arete w, chèche konnen (oswa konfime) si y ap akize w pou yon ofans *kriminèl* oswa yon vyolasyon lwa *imigrasyon*.
Ou ka:
 - Mande yon ajan ki kote ou nan detansyon an, ak/oswa
 - Mande yon zanmi oswa yon fanmi pou yo chèche jwenn ou nan [Sistèm Lokalizasyon sou Entènèt pou Moun ICE Kenbe nan Detansyon \(ICE’s Online Detainee Locator System\)](#) (pou vyolasyon lwa *imigrasyon*) ak [sistèm lokalizasyon piblik Biwo Prizon yo \(Bureau of Prisons public locator system\)](#) (pou akizasyon pou *krim* federal).
- ▶ Si yo akize w pou yon ofans *kriminèl*, egzèsè dwa w pou **rete an silans epi mande pou pale ak defansè federal ou a**.

Di defansè federal ou a ak jij la si ou pè retounen nan peyi w.

Si ou nan detansyon oswa nan prizon akoz yon enfraksyon ki pa lye ak imigrasyon

Aprann Konn Dwa W

- ▶ Gen kèk arestasyon ak kondanasyon ki ka aji sou dosye imigrasyon w lan. Domèn sa a nan lalwa a konplike *anpil*. Se dwa w pou w konnen kijan sa ta ka afekte estati imigrasyon w anvan ou deside fason pou w plede a. Mande avoka w la pou li jwenn enfòmasyon sa nan men yon avoka ki gen eksperyans nan zafè *kriminèl* ak *imigrasyon*.
- ▶ Rete vijilan! Pafwa ajan imigrasyon yo ale nan sant detansyon oswa prizon yo pou yo jwenn enfòmasyon ki ka ede yo depòte w. Si nenpòt ajan imigrasyon vle pale avèk ou, egzèse dwa w pou rete an silans.
- ▶ Pafwa, ajan imigrasyon yo mande sant detansyon oswa prizon yo pou yo kenbe w pi lontan, menm si ou kalifye pou yo libere w. Sant detansyon an ka vyole dwa w si yo kenbe w la pou plis pase 48 èdtan apre dat liberasyon w lan. Si yo fè sa, pale ak yon avoka penal oswa yon avoka imigrasyon touswit.
- ▶ Se dwa w pou w rele ak resevwa vizit konsila w. Yo gendwa ede w jwenn yon avoka imigrasyon oswa konsèy jiridik gratis.

Ou ta dwe:

- ▶ Jwenn yon kopi dosye kriminèl ou pou nenpòt ansyen kondanasyon oswa arestasyon, sa gen ladan yon sètifika dispozisyon ki sètifye. Gen kèk tribinal ki kite w fè sa sou entènèt.
- ▶ Si gen nenpòt aktivite kriminèl nan dosye w, menm si ka w la rezoud, **pale ak yon avoka ki gen eksperyans nan dwa imigrasyon ak dwa penal**. Poze avoka a kesyon sa yo:
 - Kijan ansyen arestasyon m nan (yo) oswa kondanasyon mwen an (yo) ta ka gen enpak sou estati imigrasyon m kounyea oswa alavni? Èske yo ta ka depòte m?
 - Èske m ap kalifye pou mwen mande liberasyon sou kosyon si imigrasyon arete m?
 - Èske mwen ka toujou aplike pou yon grinkat, avantaj oswa ajisteman estati san mwen pa riske arestasyon oswa depòtasyon imigrasyon?
 - Èske gouvènman an gen otorite pou li eseye depòte m akoz istorik kriminèl mwen?